Javanese - Karahayon Kitab Suci - Salvation Scriptures

Éfesus 2:2 Kowé biyèn padha dumunung ana ing kono, awit kowé manut lakuning donya iki, lan mbangun-miturut marang pamaréntahé pangwasaning akasa, yaiku roh kang saiki lagi nandukaké dayané ana ing satengahé para wong duraka.

Matius 6:10 Kraton Paduka mugi rawuh. Karsa Paduka mugi kalampahan wonten ing bumi kadosdéné wonten ing swarga.

Lukas 22:42 "Dhuh Rama, manawi Paduka marengaken, mugi tuwung punika kapundhuta saking Kawula. Nanging sampun pikajeng Kawula, namunga karsa Paduka ingkang kalampahan."

Yohanes 16:7-9 Déné kang dakkandhakaké marang kowé iki bener: Luwih maédahi tumrapé kowé, menawa Aku lunga. Sabab menawa Aku ora lunga, Juru Pitulung iku ora bakal nekani kowé, nanging menawa Aku lunga, Aku bakal ngongkon Juru Pitulung marang kowé. 8 Déné menawa Panjenengané rawuh, iku bakal ngyakinaké jagat bab dosa, bab kayektèn, lan bab pangadilan; 9 bab dosa, amarga padha tetep ora pracaya marang Aku.

2 Timotius 2:10 Mulané, kalawan sabar aku nglakoni iku kabèh kanggo para pepilihané Yehuwah, supaya wong-wong iku iya padha olèh karahayon ana ing Kristus Yésus kalawan kamulyan kang langgeng.

Roma 15:20,21 Lan sajroné martakaké mau aku nganggep dadi utamaning lakuku, menawa anggonku martakaké ora ana ing panggonan-panggonan kang asmané Kristus wus dimangretèni ing wong, supaya anggonku mbangun iku aja nganti ana ing dhasar kang wis kapasang déning wong liya, 21 nanging padha karo kang katulis, surasané, "Wong kang padha durung kawartanan bab Panjenengané, bakal padha ndeleng Panjenengané, sarta kang padha durung tau krungu pawartané, bakal padha mangerti."

Lelakoné Para Rasul 2:36,37 Awit saking punika, umat Israèl sadaya kedah mangertos kalayan saèstu, bilih Yehuwah sampun njumenengaken Yésus ingkang panjenengan salib punika, dados Gusti lan Kristus." 37 Bareng wong-wong mau padha krungu pangandika mangkono iku, atiné padha trenyuh, banjur padha matur pitakon marang Pétrus lan para rasul liyané, "Para Sadhèrèk, punapa ingkang kedah sami kula lampahi?"

Ibrani 4:2 Amarga kita uga padha kawartanan kabar kabungahan, padha kaya wong-wong iku, nanging pangandika kang kawartakaké iku tanpa guna tumrap wong-wong mau, jalaran ora tinunggilaké ing pracaya karo wong-wong kang padha ngrungokaké.

Yérémia 24:7 - Matius 22:37 Panjenengané ngandika marang wong iku, "Sira tresnaa marang Pangéran Yehuwahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira.

Lelakoné Para Rasul 16:14 Ing antarané wong wadon panunggalané, jenengé Lidia, mèlu ngrungokaké. Wong mau dadi bakul kain wungu, pinangkané saka Tiatira, wong kang bekti ing Yehuwah. Atiné wus binuka déning Gusti, mulané nggatèkaké marang apa kang kapangandikakaké déning Paulus.

Matius 13:14-16 Lah ana ing wong-wong iku katetepan pamecané Yésaya, kang ngandikakaké: Sira bakal krungu lan krungu, nanging ora mangerti, sira bakal ndeleng lan ndeleng, nanging ora sumurup. 15 Amarga atiné bangsa iki ndableg lan kupingé jampeng sarta mripaté dieremaké, supaya aja padha ndeleng kalawan mripaté lan krungu kalawan kupingé sarta atiné bisa mangerti banjur mratobat, satemah sunwarasaké. 16 Nanging rahayu mripatmu, jalaran bisa ndeleng lan kupingmu, amarga bisa krungu.

Yésaya 6:9,10 - Lelakoné Para Rasul 28:27 Sabab atiné bangsa iki ndableg, lan kupingé wus dadi budheg, tuwin mripaté padha dieremaké; supaya aja nganti ndeleng lan kupingé aja nganti krungu tuwin atiné aja nganti ngerti banjur mratobat temah sunwarasaké.

Markus 4:11,12 Nalika Panjenengané piyambakan, para pandhèrèké karo sakabaté rolas iku padha nyuwun katrangan bab pasemon mau. 11 Panjenengané banjur ngandika marang wong-wong iku, "Kowé kabèh wus padha kaparingan wewadining Kratoné Yehuwah, nanging tumrap wong-wong jaba samubarang kapratélakaké nganggo pasemon,

Yohanes 12:39,40 Marga saka iku wong-wong padha ora pracaya, jalaran Yésaya wus ngandika uga, mangkéné, 40 "Panjenengané wus micakaké mripaté lan mangkotaké atiné, supaya aja padha nganti ndeleng sarana mripaté, lan mangerti sarana atiné, satemah padha mratobat sarta sunwarasaké."

Roma 11:7,8 Dadiné kepriyé? Israèl ora bisa nggayuh apa kang diupaya, nanging para wong kang pinilih iku kang bisa olèh. Déné liyané, atiné wus padha kawangkotaké, 8 kaya kang katulis, surasané, "Yehuwah ndadosaké wong-wong mau padha kaya turu kepati, maringi mripat kang ora kanggo ndeleng, lan kuping kang ora kanggo ngrungokaké, nganti tumeka ing dina iki uga."

2 Tésalonika 2:10,11 kalawan réka-daya ala rupa-rupa tumrap wong-wong kang bakal nemu karusakan, jalaran padha ora nampani sarta nresnani kayektèn kang ndadèkaké karahayoné. 11 Iya iku sababé Yehuwah anggoné ndhatengaké panasaran marang wong-wong iku, kang njalari

padha pracaya marang kang goroh,

Matius 13:18-23 Mulané rungokna maknané pasemon bab juru nyebar iku. 19 Menawa ana wong kang krungu pangandika bab Kratoning Swarga, mangka ora mangerti, banjur si pangawak dursila teka ngrebut apa kang kasebar ing atiné; yaiku wiji kang kasebar ing pinggir dalan. 20 Déné wiji kang kasebar ing watu padhas, yaiku wong kang ngrungokaké pangandika sarta énggal-énggal nampani pangandika mau kanthi bungah, 21 nanging ora ana oyodé ing batiné, dadi ora antepan. Bareng tuwuh panyiya-nyiya utawa panganiaya marga saka pangandika iku, wong mau banjur énggal murtad. 22 Sabanjuré kang kasebar ing satengahing eri, yaiku wong kang ngrungokaké pangandika, banjur sumelanging donya lan daya pamblithuking kasugihan padha ngendhih pangandika mau, satemah ora metu wohé. 23 Nanging kang kasebar ing lemah becik iya iku wong kang ngrungokaké pangandika lan mangerti, mulané iya banjur metu wohé, ana sing tikel satus, ana sing tikel sawidak, ana sing tikel telung puluh."

2 Korintus 3:15,16 Malah nganti ing dina iki, saben maca kitab Musa, isih ana tutup kang nutupi atiné. 16 Nanging wong kang mratobat marang Gusti, iku tutupé banjur kasingkiraké.

Hoséa 11:3-7 - Matius 11:28-30 Hé, para wong kang kesayahan lan kamomotan, padha mrénéa, Aku bakal gawé ayemmu. 29 Pasanganku padha tampanana ing pundhakmu lan padha nggegurua marang Aku, awit Aku iki alus lan lembah-manah, satemah kowé bakal padha olèh ayeming nyawamu. 30 Amarga pasanganku iku kapénak lan momotanku iku ènthèng."

Lelakoné Para Rasul 26:18 supaya ngelèkaké mripaté, satemah banjur padha ninggal pepeteng, marani pepadhang sarta uwal saka ing pangwasaning Iblis lan ngungsi marang Yehuwah, karebèn padha olèh pangapuraning dosa marga saka pracaya marang Ingsun, apadéné banjur tampa warisan ana ing satengahé para kang wus kasucèkaké.

2 Timotius 2:24-26 Mangka abdiné Gusti iku ora kena cecongkrahan, nanging kudu sumanak marang wong kabèh. Kudu bisa mulang, sabar, 25 lan kalawan alus bisa nuntun wong kang seneng nglawan, sabab mbokmenawa Gusti maringi wewengan marang wong-wong mau bisa mratobat, sarta nuntun wong-wong mau nganti padha wanuh marang kayektèn; 26 lan sarana mangkono, banjur padha éling manèh, marga wis uwal saka kala-jireting Iblis, kang wis ngendhalèni wong-wong iku nindakna kekarepané.

Wahyu 3:17-19 Sarèhné sira duwé ujar: Aku iki sugih lan aku wis ngudi kasugihan sarta ora kekurangan apa-apa, apa manèh marga sira ora

mangerti, yèn sira iku mlarat lan memelas, wuta lan kawudan, 18 mulané Ingsun ndhawuhi sira, supaya sira tuku mas kang binesot ing geni marang Ingsun, supaya sira dadi sugih; lan uga sandhangan putih, supaya sira anggo, temah aja nganti katon anggonmu wuda, kang ngisin-isini; apadéné lenga kanggo mblonyohi mripatira, supaya sira bisa ndeleng. 19 Sapa wong kang sunkasihi, iku sunwelèhaké lan sunpatrapi; marga saka iku, sing tumemen lan mratobata!

2 Korintus 7:10 Sabab kasusahan kang nyondhongi karsané Yehuwah iku nuwuhaké pitobat kang nuntun marang karahayon kang ora gawé getun, nanging kasusahan kang saka ing jagat iki nuwuhaké pati.

2 Korintus 4:4 yaiku wong kang ora pracaya, kang angen-angené wus dipicakaké déning ilahé jaman iki, temahan wong mau ora padha ndeleng cahyaning Injilé kamulyaning Kristus, kang dadi citrané Yehuwah.

Lukas 8:11-15 Déné pasemon mau tegesé mangkéné: Wiji iku pangandikaning Yehuwah. 12 Kang tumiba ing pinggir dalan iku wong kang wus padha krungu, banjur diparani Iblis, kang tumuli njupuk pangandika mau saka ing sajroning atiné, supaya aja padha pracaya lan kaslametaké. 13 Kang tumiba ing padhasan iku wong kang bareng krungu pangandika mau banjur ditampani kalawan bungah, nanging iku ora ana oyodé, anggoné pracaya mung sadhéla lan bareng kena cobaning ngaurip banjur padha murtad. 14 Kang tumiba ing thethukulan eri iku wong kang padha ngrungokaké pangandika, nanging sajroné thukul iku tumuli kalindhih ing rasa sumelang, kasugihan lan kanikmataning ngaurip, satemah ora bisa ngetokaké woh kang mateng. 15 Anadéné kang tumiba ing lemah becik iku wong kang sawusé padha ngrungokaké pangandika, tumuli disimpen ing sajroning ati kang becik, sarta mantep lan ngetokaké woh."

Lelakoné Para Rasul 15:11 Kosok-wangsulipun, kita pitados bilih kita badhé tampi karahayon margi saking sih-rahmatipun Gusti Yésus Kristus kadosdéné sadhèrèk-sadhèrèk punika."

Roma 8:13 Sabab menawa urip nuruti daging, kowé bakal padha mati; nanging menawa déning Roh kowé matèni panggawéning badanmu, kowé bakal padha urip.

1 Para Raja 18:37 - God turned heart back to God

Pastor T. John Franklin
Church of Salvation, Healing, and Deliverance
COS-HAD.org